

13

desanm

**Se sa ki fè, konnen ki jan pou n mennen tèt nou !
Pa mennen tèt nou tankou moun sòt, men tankou
moun ki gen konprann. Pa kite okenn okazyon
pase pou n fè sa ki byen. Paske, jou sa yo n ap
viv la a pa bon menm.** Efezyen 5. 15, 16

Leson sabliye a bay

Sab k ap glise desann san rete nan yon sabliye deranje lespri : segonn sa yo k ap pete kouri san yo pa resevwa lòd nan men pèsonn, pap janm retounen dèyè ! Kilès ki ka fè sa remonte sab la ? Menmjan tou kwonòmèt elektwonik sa yo k ap mezire santyèm e menm milyèm pati nan segonn lan bay tèt vire, lè chif ki sou kadran dijital la pran danse e vire nan yon vitès ki bay tèt vire : lè sa a, nou pran konsyans jan tan ap pete kouri.

Se nan tan prezan lòm dwe sèvi kreyatè li. Bondye ap chache fanm ak gason ki gen konfyans nan li, ki pran konsyans, tan se yon kado ki gen anpil valè Bondye bay. Nou pa dwe gaspiye l, paske Bondye ba nou li pou n ka glorifye li. Tan nou pèdi nou pap janm jwenn li ankò. Chak minit ki ale nou pap janm jwenn li ankò. Se leson sa a sabliye a ba nou.

Vèsè pou jodi a fè nou sonje ke n dwe *pwofite tout okazyon*. Lè n fè sa a, nou moutre nou gen bon konprann. Okazyon sa yo nou gen pou n sèvi Bondye a pap janm retounen dèyè ankò. Pwofite okazyon fè n konprann se yon aktivite, donk se travay ; si gen moun se parese yo ye, se moun k ap dòmi, se moun k ap ezite, oubyen moun ki pa ka deside, yo dwe resezi yo. Tan an ap kouri san rete, “Pa kite okenn okazyon pèdi”. Ann byen itilize ti tan Bondye ban nou pou nou renmen l, sèvi li e nan yon sans patikilye, pou nou ka renmen ak sèvi pwochen nou.

13 décembre

Veillez donc à marcher soigneusement, non pas comme dépourvus de sagesse, mais comme étant sages, saisissant l'occasion, parce que les jours sont mauvais. Éphésiens 5. 15, 16

La leçon du sablier

La chute silencieuse et continue du sable dans un sablier fait surgir une pensée obsédante : ces secondes, qui s'écoulent inexorablement, ne reviendront jamais en arrière ! Qui peut faire remonter le sable ? De même ces chronomètres électroniques mesurant le centième et même le millième de seconde nous donnent le vertige, lorsque les chiffres sur le cadran digital défilent dans une sarabande vertigineuse : nous prenons conscience brutalement de la fuite du temps.

C'est dans le temps présent que l'homme est appelé à servir son Créateur. Dieu cherche des hommes, des femmes, animés des certitudes que donne la foi, qui ont pris conscience que le temps est un cadeau précieux. Il ne doit pas être gaspillé parce qu'il nous est donné pour glorifier Celui qui l'accorde. Le temps perdu ne sera jamais retrouvé. Chaque minute qui s'envole ne pourra jamais revenir. C'est bien cela l'enseignement du sablier.

Les versets du jour nous rappellent que *saisir les occasions* (ou racheter le temps, selon d'autres traductions), c'est être sage. Ces occasions qui nous sont données de servir Dieu ne reviendront jamais. Racheter le temps sous-entend une activité, donc du travail ; s'il y a des paresseux et des rêveurs, des hésitants, des indécis, ils doivent se ressaisir. Le temps s'écoule inexorablement ; "rachetons-le". Utilisons à bon escient le temps limité que Dieu nous donne pour l'aimer, le servir, en particulier en aimant et en servant notre prochain.